

Gid sa a disponib tou nan fòma odyo ak nan lang ki anba yo.

ARABIC

للحصول على نسخة من هذا الدليل باللغة الانجليزية اتصل بالرقم 311 (معوقي السمع: 212-504-4115) أو قم بزيارة NYC.gov/readyny

BENGALI

এই সহায়িকার একটি বাংলা প্রতিলিপি পেতে হলে, 311 (TTY: 212-504-4115) নম্বরে ফোন করুন অথবা NYC.gov/readyny দেখুন।

CHINESE

如欲索取中文版的指南，請致電 311 (TTY: 212-504-4115) 或訪問 NYC.gov/readyny。

ENGLISH

Call 311 or visit NYC.gov/readyny for copies of this guide in English.

FRENCH

Pour obtenir une copie en français de ce guide, appelez le 311 (TTY: 212-504-4115) ou visitez le site NYC.gov/readyny.

HAITIAN CREOLE

Pou jwenn yon kopi gid sa a nan lang Kreyòl Ayisyen, rele 311 (TTY: 212-504-4115) oswa ale nan sitwè NYC.gov/readyny.

ITALIAN

Per ottenere una copia di questa guida in italiano, telefonare al numero 311 (TTY: 212-504-4115) o visitare il sito NYC.gov/readyny.

KOREAN

본 안내서의 한국어 사본을 받으시려면, 311(TTY: 212-504-4115)번으로 전화하시거나 NYC.gov/readyny를 방문하십시오.

POLISH

W celu otrzymania polskiej kopii niniejszego przewodnika, należy zadzwonić pod nr 311 (nr dla osób z upośledzeniem słuchu: 212-504-4115) lub zajrzeć na stronę internetową NYC.gov/readyny.

RUSSIAN

Для того чтобы получить копии данной брошюры на русском языке, позвоните по телефону 311 (TTY: 212-504-4115) или посетите веб-сайт NYC.gov/readyny.

SPANISH

Llame al 311 (TTY: 212-504-4115) o visite NYC.gov/readyny para obtener acceso a este folleto en español.

URDU

اس ہدایت نامے کی انگریزی کاپی حاصل کریں، 311 (TTY: 212-504-4115) پر کال کریں یا NYC.gov/readyny دیکھیں۔

YIDDISH

צו ערהאלטן א אידישע קאפיע פון אמוייונג בלעטל, רופט 311 (TTY: 212-504-4115) אדער באזוכט NYC.gov/readyny.

VIL NEW YORK

KAT ZÒN DEPLASMAN LÈ SIKLÒN



KONNEN ZÒN OU

Tanpèt kotyè yo, ki gen ladan tanpèt nòdwès yo tou, tanpèt twopikal ak siklòn, kapab afekte Vil Nouyòk. Li enpòtan pou abitan Nouyòk yo pran tan pou prepare yo. Tout abitan yo ta dwe genyen yon plan sizoka yo ta bezwen deplase oswa afwonte tanpèt la lakay yo.

Zòn nan vil la ki an danje akòz vag tanpèt yo divize an sis zòn deplasman (1 jiska 6) selon posibilite ki ta va genyen pou deplase yo. Asire w ou konnen nan ki zòn deplasman ou ye nan kad plan deplasman w lan.

- Si ou abite nan youn nan zòn deplasman siklòn Vil la, ou ka resevwa lòd pou deplase si yon siklòn menase Vil New York. Prepare yon plan pou konnen ki kote ou prale a si otorite yo ta bay lòd pou moun nan zòn ou an deplase.
- Otorite Vil la ka pase lòd pou abitan yo deplase selon trajektwa siklòn nan ak vag tanpèt yo prevwa a.
- Pou chèche konnen si w abite nan yon zòn deplasman siklòn itilize Lokalizatè Zòn Deplasman Lè Siklòn nan sou **NYC.GOV/KNOWYOURZONE**, rele nan **311 (212-639-9675 pou Sèvis Apèl Videyo, oswa TTY: 212-504-4115)**, oswa tcheke nan kat jewografik ki nan dokiman sa a.

ENSKRI NAN NOTIFY NYC POU W RESEVWA NOTIFIKASYON AK DÈNYE NOUVÈL DIJANS PA IMÈL, TELEFÒN, SMS/TÈKS OSWA TWITTER.

- Mesaj yo disponib an Anglè, Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Koreyen, Polonè, Ris, Panyòl, Oudou, Yiddish ak Lang Siy Ameriken (ASL).
- Telechaje Aplikasyon an gratis sou telefòn ou.
- Ale sou **NYC.GOV/NOTIFYNYC**, rele **311**, oswa suiv **@NotifyNYC** sou Twitter.

MO OU TA DWE KONNEN

Sezon Siklòn Zòn Atlantik

lye jen jiska 30 novanm.

Pi gwo posibilite pou gen siklòn nan Vil New York se ant mwa out ak mwa oktòb.

Zòn Deplasman Otorite Vil la pral deside kilès nan sis zòn deplasman lè siklòn yo ki pou ta deplase dapre karakteristik yon tanpèt reyèl pandan l ap pwoche sou vil la.

Zòn inondasyon Yo itilize zòn inondasyon yo pou fikse tarif asirans pou inondasyon ak règleman konstriksyon. Rezidan yo pa ta dwe itilize zòn inondasyon yo pou detèmine nesosite pou yo deplase pandan tanpèt bò lanmè.

Siklòn Yon sistèm metewolojik presyon ba plen nyaj ak loray ki òganize, ki an wotasyon ki devlope nan twopik yo ak van k ap soufle a 74 kilomèt pa èdtan san kanpe oswa plis.

Yo klase siklòn yo an senk kategori (1 jiska 5) dapre vitès san kanpe van siklòn nan. Toutotan vitès van an ak fòs yon tanpèt ap ogmante, se toutotan nimewo kategori a ap ogmante.

Siveyans Siklòn Yon anons ki endike kondisyon siklòn posib nan yon zòn yo presize.

Yo pibliye siveyans yo 48 èdtan anvan yo prevwa ap gen van ki gen fòs tanpèt twopikal.

Avètisman pou Siklòn Yon anons ki endike yo prevwa kondisyon pou gen siklòn nan yon zòn yo presize.

Yo pibliye avètisman an 36 èdtan anvan yo prevwa van ki gen fòs tanpèt twopikal ap rive epi li ka rete an vigè lè dlo ak vag ki danjere kontinye.



SI OU DWE DEPLASE

SI OU ABITE NAN YON ZÒN DEPLASMAN EPI OTORITE VIL LA BAY LòD pou MOUN NAN ZÒN OU AN DEPLASE, DEPLASE SELON KONSİY YO

Otorite Vil la a ap bay konsiy presi konsènan zòn nan vil la kote moun dwe deplase yo. Si yo egzijè pou moun nan zòn ou an deplase, deplase jan yo mande w la. Itilize transpò piblik si li posib, men sonje sèvis transpò piblik ka sispann fonksyone kèk èdtan anvan tanpèt la rive.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou jan pou w deplase, tankou transpò ki aksesib, **tanpri rele nan 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo, oswa TTY: 212-504-4115).**

KONNEN KI KOTE OU PRALE


Otorite Vil la rekòmande atoutfòs pou moun ki deplase yo ale lakay zanmi ak fanmi yo ki abite andeyò limit zòn deplasman yo. Pou moun ki pa gen lòt kote pou yo abrite yo, Otorite Vil la ap louvri kèk sant pou deplasman toupatou nan senk minisipalite yo.

Planifye depi konnya pou bezwen tout moun, sitou granmoun aje yo, moun ki andikape, aksè e bezwen fonksyonèl, timoun, moun ki pa pale anglè, ak bèt kay ak bèt sèvis. Konnen zòn ou an epi pratike plan ou a ak tout moun nan kay la.

SI OU PRALE NAN YON SANT DEPLASMAN, MACHE LEJÈ EPI POTE

- Yon Go Bag pou chak manm fanmi an (ou ka jwenn yon lis konplè nan Plan Ijans Ready NY My Emergency Plan [NY Tou Pare Plan Ijans Pa M]).
- Omwen kantite pou yon semèn nan nenpòt medikaman (si posib).
- Materyèl medikal, oswa ekipman medikal ou itilize regilyèman.
- Sak pou kouche pou chak moun.
- Tout moun ki an deplasman ak gen aksè rantre nan sant deplasman yo. Yo p ap poze moun ki an deplasman yo kesyon sou sitiyasyon imigrasyon yo.

KONNEN ZÒN OU



Vizite Lokalizatè Zòn Deplasman lè Siklòn nan sou <https://maps.nyc.gov/hurricane/>, oswa rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo, oubyen TTY: 212-504-4115), pou konnen nan ki zòn deplasman lè siklòn w ap viv.

SI YO PA PASE LÒD POU OU DEPLASE

Si w pa abite nan youn nan sis zòn evakyasyon ki endike sou kat sa a, ou ka toujou an danje pou van ak lapli.

ATANN OU KA GEN BLAKAWOUT

Asire ou gen tout atik ki rekòmande yo nan twous ijans ou sizoka yo pran kouran oswa lòt sèvis debaz yo pa disponib.

ABRITE W SOU PLAS

Si ou pa bezwen deplase, abrite w souplas epi itilize twous ijans ou a. Rete lwen fenèt yo.

SI YON TANPÈT AP PWOCHÉ

Tout abitan yo dwe aplike konsiy sa yo kòm preparasyon:

- Pote andedan kay la objè ki pa tache, ki lejè, tankou mèb jaden ak bwat fatra.
- Tache objè k ap danjere pou pote andedan kay la, tankou griy ki fonksyone avèk gaz oswa tank gaz pwopàn.
- Fèmen fenèt yo ak pòt ki bay sou deyò yo byen.
- Retire atik ki gen valè yo nan anba lakay epi mete yo nan etaj ki pi wo yo. (Anba lakay yo frajil lè gen inondasyon.)
- Chaje batri telefòn selilè yo.
- Plen tank machin ou ak dèlko ou ak gaz ra gagann.
- Si w ap viv nan yon zòn deplasman, fè plan pou deplase machin ou mete li sou tè ki pi wo.
- Mete frijidè ak frizè ou sou yon nivo reglaj ki pi frèt. Si ou nan blakawout, atik ki bezwen glase yo ap rete pi glase pandan pi lontan.
- Plen benywa ou ak lòt gwo resipyan yo ak dlo — sèvis dlo a ka koupe si gen blakawout.
- Pa rete tann jouk dènye minit pou renouvle preskripsyon medikaman ou.
- Retire diplis lajan kach nan gichè otomatik, sitou ti biyè.

GENYEN BON ASIRANS LAN

Kit se lwe ou lwe kit ou se mèt kay ou, kontra debaz asirans yo pa kouvri dega inondasyon ak van lakoz.

- Pou jwenn plis enfòmasyon sou asirans nan kad inondasyon ale sou: **<https://www.floodsmart.gov>**
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou zòn inondab yo ale sou: **[NYC.GOV/FLOODMAPS](https://www.nyc.gov/floodmaps) oswa www.floodhelpny.org**

PWOPRIYETÈ KAY

Majorite kontra pwopriyetè kay yo pa kouvri dega inondasyon lakoz.

- Pwopriyetè kay yo dwe achte yon kontra asirans apa pou pwoteje kay yo pou si ta gen inondasyon.
- Asirans Inondasyon obligatwa pou kèk pwopriyetè kay.

LOKATÈ

Li posib pou pwopriyetè w la genyen asirans inondasyon ki kouvri bilding lan, men pa bagay ki nan apatman yon lokatè.

- Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon an ofri asirans sèlman nan kad inondasyon pou ede lokatè yo pwoteje bagay ki andan apatman yo.

POU MOUN KI ANDIKAPE, AKSÈ, OSWA BEZWEN FONKSYONÈL

Asire w plan ou an genyen ladan kijan bezwen ou yo kapab afekte kapasite deplasman w, pou itilize asansè nan bilding ou ye a, pou abrite w souplas, oswa pou kominike avèk travayè ijans yo.

- Fè aranjman pou jwenn èd nan men fanmi, zanmi, pèsònèl bilding lan oswa founisè sèvis yo si w ap bezwen èd.
- Si ou pa ka deplase poukont ou anvan yon tanpèt, **rele oswa voye mesaj nan 311 pou w ka jwenn èd.**
- Si w depann de kouran pou ekipman ki kenbe w vivan, fè plan pou w deplase. Mande konpayi sèvis piblik ou si ekipman medikal ou an fè w kalifye pou yo mete w sou lis kòm yon kliyan ki gen ekipman pou kenbe moun vivan.
- Kite plis tan pou vwayaje epi anvizaje bezwen w pou transpò, bezwen pou rejim alimantè ou ak bezwen medikal ou (oksjèn, pil/chajè anplis, linèt, preskripsyon, elatriye).
- Mache ak tout medikaman w, epi gen enfòmasyon kontak pou pwofesyonèl swen sante w yo ekri sou yon papyè. Sant Deplasman yo dwe genyen enstalasyon ak akomodasyon aksesib pou moun ki andikape, aksè, ak bezwen fonksyonèl. Pou jwenn plis enfòmasyon sou karakteristik aksesibilite nan yon etablisman espesyalman, tcheke Lokalizatè Zòn Deplasman pou Siklòn an nan **[NYC.GOV/KNOWYOURZONE](https://www.nyc.gov/knowyourzone) oswa kontakte 311.**

KONNEN DANJE YO TANPÈT INONDASYON

Vag tanpèt se yon voum dlo lanmè van siklòn k ap vini yo pouse sou rivaj la.

- Vag tanpèt responsab pi gwo kantite lanmò nan kad siklòn.
- Yon gwo siklòn kapab soufle plis pase 30 pye vag tanpèt (wotè yon bilding twa etaj) nan kèk pati Vil New York, epi vag tanpèt la kapab monte plizyè mil sou tè.
- Vag tanpèt ak gwo vag lanmè k ap monte kapab mete lavi moun an danje, detwi bilding, lave plaj ak din sab yo, epi andomaje wout ak pon yo.

LAPLI

Gwo lapli siklòn yo kapab lakòz inondasyon toudenkou. Zòn ki gen kanalizasyon ba ak nan move kondisyon yo se zòn ki sitou frajil nan inondasyon.

VAN

Van san kanpe 74 mil pa èdtan oswa pi fò toujou ak siklòn ka andomaje bilding yo, kase pyebwa yo, epi fè objè lach yo tounen pwojektil ki ka touye moun.

APATMAN ANBA LAKAY

- Moun k ap viv nan anba lakay ka gen lòt risk pandan siklòn yo menmsi y ap viv andeyò limit zòn deplasman yo. Anpil zòn nan vil la kapab gen inondasyon dlo lapli pandan yon siklòn, sa ki ka lakoz gwo danje pou moun ki rete nan apatman anba lakay.
- Si w ap viv nan yon apatman anba lakay, koute tout avètisman sou tanpèt yo, sonje ajoute nan plan ijans ou an fason w ap fè pou al refijye w nan yon etaj ki pi pase nivo tè a.
- Si w ap viv nan yon bilding ki wo anpil epi ki nan yon zòn pou deplase a, ou dwe swiv avètisman ak lòd pou deplase yo.

BILDING KI WO ANPIL

- Moun k ap viv nan bilding ki wo anpil yo ka rankontre lòt risk toujou nan siklòn yo menmsi y ap viv andeyò limit zòn deplasman yo.
- Si w ap viv nan yon bilding ki wo anpil, asire w fenèt yo fèmen, epi rete lwen fenèt yo sizoka yo kraze oswa kase.
- Si w ap viv nan yon bilding ki wo anpil epi ki nan yon zòn deplasman, ou dwe swiv tout avètisman ak lòd pou deplase yo.

SIKLÒN NAN VIL NEW YORK

ZÒN EVAKYASYON

SANT EVAKYASYON VIL NEW YORK: JWENN SANT KI PRÈ W SOU KAT LA

BRONX		
PS 15 / INST FOR ENV LEARNING 2195 ANDREWS AVE.	PS 132 GARRET A. MORGAN 1245 WASHINGTON AVE.	PS 102 JOSEPH O. LORETAN 1827 ARCHER ST.
MS / HS 141 RIVERDALE / KINGSBRIDGE ACADEMY 660 W 237TH ST.	PS / IS 218 HERNANDEZ DUAL LANGUAGE MAGNET 1220 GERARD AVE.	MORRIS HEIGHTS EDUCATIONAL COMPLEX 1780 DR. MARTIN LUTHER KING JR. BLVD
OLD IS 158 800 HOME ST.	PS 211 1919 PROSPECT AVE.	OLD IS / HS 362 921 E 228TH ST.
OLD WALTON HS 2780 RESERVOIR AVE.	BRONX SCHOOL FOR LAW, GOVT & JUSTICE 244 E 163RD ST.	JANE ADDAMS HS 900 TINTON AVE.

MANHATTAN		
PS 8 LUIS BELLARD 465 W 167TH ST.	GLOBAL LEARNING COLLABORATIVE 145 W 84TH ST.	P.S./S. 210 21ST CENTURY ACADEMY 501-503 W 152ND ST.
PS 92 / MARY MCLEOD BETHUNE 222 W 134TH ST.	MIDTOWN EAST CAMPUS 233 E. 56TH ST.	G. WASHINGTON HS EDUCATIONAL CAMPUS 549 AUDOBON AVE.
JACQUELINE KENNEDY ONASSIS HS 120 W 46TH ST.	WEST END SECONDARY SCHOOL 227-243 W 61ST ST.	
MS 131 100 HESTER ST.	OLD IS 88 215 W 114TH ST.	

QUEENS		
AVIATION CTE HS 45-30 36TH ST.	JHS 185 EDWARD BLEEKER 147-26 25TH DR.	PS 307 PIONEER ACADEMY 40-20 100TH ST.
JHS 190 RUSSELL SAGE 68-17 AUSTIN ST.	IS 25 ADRIEN BLOK 34-65 182ND ST.	PS 58 SCHOOL OF HEROES 72-24 GRAND AVE.
FRANK SINATRA HS 35-12 35TH AVE.	PS 100 GLEN MORRIS 111-11 118TH ST.	QUEENS HS OF TEACHING 74-20 COMMONWEALTH BLVD.

GROVER CLEVELAND HS 21-27 HIMROD ST.	PS 149 CHRISTA MCAULIFFE 93-11 34TH AVE.	JHS 74 NATHANIEL HAWTHORNE 61-15 OCEANIA ST.
TOWNSEND HARRIS HS 149-11 MELBOURNE AVE.	PS 239 17-15 WEIRFIELD ST.	
HILLCREST HS 160-05 HIGHLAND AVE.	PS / IS 268 92-07 175TH ST.	

BROOKLYN		
ADAMS STREET EDUCATIONAL CAMPUS 283 ADAMS ST.	IS 30 MARY WHITE OVIINGTON 7002 4TH AVE.	JOHN JAY EDUCATIONAL CAMPUS 237 7TH AVE.
MEDGAR EVERS COLLEGE PREP 1186 CARROLL ST.	MS 2 PARKSIDE PREP 655 PARKSIDE AVE.	PS 289 GEORGE V. BROWER 900 ST. MARKS AVE.
IS 383 PHILIPPA SCHUYLER 1300 GREENE AVE.	PS 226 ALFRED DE B. MASON 6006 23RD AVE.	PS 130 THE PARKSIDE ANNEX 713 CATON AVE.
JHS 259 WILLIAM MCKINLEY 7305 FT HAMILTON PKWY.	PS 12 PEEKS-DAVIS 430 HOWARD AVE.	PS 7 ABRAHAM LINCOLN 858 JAMAICA AVE.
OLD IS 324 800 GATES AVE.	OLD IS 55 2021 BERGEN ST.	PS 24 427 38TH ST.
PS 321 WILLIAM PENN 180 7TH AVE.	PS 26 JESSE OWENS 1014 LAFAYETTE AVE.	

STATEN ISLAND		
PS 55 HENRY M. BOEHM 54 OSBORNE ST.	IS 51 EDWIN MARKHAM 20 HOUSTON ST.	CURTIS H.S. 105 HAMILTON AVE.
JEROME PARKER CAMPUS 100 ESSEX DR.	MICHAEL J. PETRIDES 715 OCEAN TERRACE	

Sant depasman aksesib

ZÒN EVAKYASYON LÈ SIKLÒN

Lè yon tanpèt kotyè ap pwoche, Otorite Vil la ka bay lòd pou kite katye ki an danje inondasyon akòz vag tanpèt la, soti nan zòn 1 epi kontinye nan lòt zòn si sa a nesese.

Depasman zòn yo ap fèt selon menas pou sekirite moun yo apati previzyon sou fòs, trajektwa ak vag tanpèt yon siklòn.

Itilize kat ki nan dokiman sa a, ale sou NYC.GOV/KNOWYOURZONE, oswa **rele 311** pou konnen si w ap viv nan yon zòn pou depase si gen siklòn.

